Pou Piblikasyon Imedya: 8/12/2016 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO MANDE POU YO KOUPE IMEDYATMAN NAN ITILIZASYON ENÈJI ETA MALGRE GWO VAG CHALÈ KAP GENYEN NAN WIKENN SA A

Gouvènè a ankouraje piblik la ansanm avèk gouvènman lokal yo pou swiv ak pwoteje rezo enèji New York

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te mande ajans yo nan eta pou pran etap nesesè pou diminye izaj elektrisite nan Eta New York akoz de tanperati elve pèsistan ak imidite ke yo prevwa jodia ak pandan wikenn nan. Gouvènè Cuomo te mande tout ajans yo nan eta a pou yo diminye imedyatman itilizasyon enèji yo nan etenn limyè, ogmante tanperati èkondisyone yo, fèmen rido fenèt yo, epi etenn tout òdinatè, enprimant, ak lòt aparèy elektrik yo ke yo pa p itilize; yo te bay avi nan lòt rejyon yo ke yo ka fè menm bagay pita nan jounen an.

“Chalè ekstrèm sa te kondwi preske a yon rekò nan itilizasyon elektrisite e li te mete yon gwo demann sou tout rezo a”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Kòm tanperati a rete wo, map mande yon fwa ankò a ajans yo nan eta pou pran mezi pou konsève enèji epi redwi demann sou sistèm nan. Mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou yo fè menm bagay la.”

Pandan vag chalè a, ogmantasyon itilizasyon aparèy elektrik tankou èkondisyone mete yon demann konsiderab sou sistèm elektrisite eta ak frekans tansyon ba oswa blakawout izole ka lakoz. Rekò a pou kalite izaj sa te etabli nan dat 19 Jiyè 2013 lè li te atenn 33,955 Megawatt (Yon megawatt elektrisite se ase kouran pou alimante jiska 1,000 kay gwosè mwayèn). Nan kad wo tanperati yè a, chaj eta te apwoche rekò avèk 32,076 Megawatt. Yo te prevwa chaj elve jodia a 32,800 Megawatt.

Gouvènè Cuomo te ankouraje anpil ofisye piblik lokal yo ak minisipalite ansanm avèk piblik la pou yo swiv ekzanp sa. Consolidated Edison, pi gwo sèvis piblik nan Eta, ap aplike pwogram rediksyon demann komèsyal li nan 12 PM. Pwogram Apwouve Depatman Sèvis piblik sa te anplas pou redwi demann elektrisite lè li kòmanse ogmante rapidman.

PDG Depatman Sèvis Piblik Audrey Zibelman te deklare, “Li enpòtan pou piblik la diminye itilizasyon elektrisite yo. Li enpòtan tou pou rezidan yo rete fre epi rete idrate. Lè nou pran aksyon kounye a, nou ka diminye izaj elektrisite pandan vag chalè a epi rete ansante.”

Pou redwi itilizasyon enèji, an patikilye pandan peryòd kritik yo, yo ankouraje konsomatè yo pou yo pran kèk nan mezi konsèvasyon enèji ki gratis oubyen ki pa koute anpil lajan ki pral site la yo:

- Fèmen rido yo, fenèt yo ak pòt nan kay ou an nan kote ki gen solèy yo pou redwi chalè solèy.

- Etenn aparèy èkondisyone yo, limyè yo ansanm ak lòt aparèy yo lè ou pa lakay ou epi itilize yon kwonomèt pou limen aparèy è kondisyone a anviwon trant minit avan ou rive lakay ou. Itilize kab kouran avanse pou ka prensipalman “etenn” tout aparèy yo epi konsève enèji.

- Si wap achte yon aparèy èkondisyone, chèche yon modèl ki sètifye ENERGY STAR. Aparèy èkondisyone ENERGY STAR yo, itilize jiska 25 pousan mwens kouran ke yon modèl estanda.

- Vantilatè yo kapab fè ou santi chanm yo vin pi fre de senk a 10 degre, epi itilize 80 pousan mwens kouran ke yon aparèy è kondisyone.

- Mete aparèy èkondisyone w la sou 78 degre oubyen pi wo pou’w kapab fè ekonomi sou valè depans pou rafrechisman ou an.

- Mete aparèy èkondisyone an nan yon fenèt santral, olye nan yon fenèt ki nan kwen, pou pèmèt lè a sikile pi byen.

- Konsidere mete aparèy la nan direksyon nò, lès oubyen nan kote ki pi gen onb nan kay ou an. Aparèy èkondisyone ou an pral gen pou travay pi di epi itilize plis enèji si li ekspoze dirèkteman bay reyon solèy yo.

- Bouche espas ki otou aparèy èkondisyone yo ak kalfetraj pou evite lè fre yo soti.

- Netwaye vantilatè kondansatè yo ak woulo yo pou ka pèmèt aparèy èkondisyone w la kontinye mache yon fason efikas, epi verifye filtè a chak mwa epi ranplase li lè sa nesesè.

- Itilize aparèy tankou machin a lave, a seche, machin pou lave veso, ak fou yo nan maten oubyen ta nan aswè. Sa pral ede tou redwi imidite ak chalè nan kay la.

- Itilize anpoul ki sètifye ENERGY STAR ki pa itilize anpil kouran, olye anpoul limyè enkandesan estanda yo, epi ou ka itilize 75 pousan mwens enèji.

- Prepare manje nan mikwo-onn lè sa posib. Mikwo-onn yo itilize anviwon 50 pousan mwens enèji ke fou nòmal yo.

- Seche rad yo sou liy pou seche rad yo. Si wap itilize yon machin a seche, raple'w pou ou pwòpte filtè pelich machin a lave an chak fwa avan ou ranpli'l.

- Rete atantif sou diferant fason w'ap itilize dlo nan kay ou. Olye pou ou itilize 30 a 40 galon dlo pou ou benyen, enstale yon bouch douch dlo ki pa fè koule anpil dlo, ki itilize mwens ke 3 galon pa minit.

Wap jwenn konsèy anplis nan fason pou konsève enèji isit la ak la.

Gouvènè Cuomo te mande Nouyòkè yo tou pou yo pran prekosyon kont maladi ki koze akòz chalè epi tou limite aktivite fizik ekstèn ki fatigan yo espesyalman pou jèn timoun yo, sila yo ki fè ekzèsis deyò, sila yo ki enplike nan travay ekstèn ki vigoure, ak sila yo ki gen maladi respiratwa (tankou moun ki asmatik).

Gwo chalè se kòz prensipal ka lanmò ki asosye avèk chalè epi ki kapab evite, sitou pami granmoun aje yo. Dapre Sant federal pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi a, chalè lakòz plis pase 650 ka lanmò ki te kapab evite nan Etazini chak ane. Nan majorite ane yo, gwo chalè lakòz plis ka lanmò pase inondasyon, kout zèklè, tònad ak ouragan konbine ansanm. Dapre estatistik Administrasyon Nasyonal Oseyanik ak Atmosferik ansanm ak Sèvis Nasyonal Metewoloji, te genyen yon total 80 ka lanmò ki te asosye dirèkteman avèk chalè nan Eta New York depi lane 2006.

Pou ede Nouyòke yo rete an sekirite pandan gwo chalè yo, Gouvènè an te ofri konsèy sa yo:

MOUN KI DWE BYEN ENFÒME:

- Se vye granmoun ak timoun piti ki pi afekte.

- Moun ki soufri pwoblèm pwa oubyen alkòl gen anpil chans pou fè reyaksyon akòz chalè.

- Moun ki sou sèten medikaman oswa dwòg.

PREPARE TÈT OU:

- Ralanti sou aktivite ak ekzèsis yo, sitou nan lè kote solèy la cho anpil ant 11 A.M. jiska 4 P.M.

- Ou dwe fè ekzèsis yo byen bonè nan maten ant 4 è A.M. ak 7 è A.M.

- Manje mwens pwoteyin epi plis fwi ak legim. Pwoteyin yo pwodwi epi ogmante metabolis chalè, ki koze ke ou pèdi dlo. Manje ti kantite manje, men bwè pi souvan. Pa manje bagay ki sale.

- Bwè omwen 2-4 vè dlo pa è lè gen gwo chalè, menmsi ou pa santi ou swaf. Pa bwè bwason ki gen alkòl oswa kafeyin.

- Si posib, pa rete nan solèy la, rete nan èkondisyone. Solèy la chofe nwayo anndan kò ou, sa ki ka lakòz ou dezidrate. Si pa gen èkondisyone, rete nan etaj ki pi ba, pa rete nan solèy la, ouben ale nan yon batiman piblik ki gen èkondisyone.

- Si ou oblije soti deyò, mete krèm solè ki gen yon wo nivo faktè pwoteksyon kont solèy (ki klase omwen 15 SPF) ak yon chapo pou pwoteje figi ak tèt ou. Lè ou deyò, mete rad ki laj, ki lejè epi ki gen koulè pal. Kouvri po ou otan ou kapab pou evite kout-solèy ak efè chofaj avanse solèy la sou kò ou.

- Pa janm kite timoun yo, bèt domestik, oswa moun ki gen bezwen swen espesyal yo nan yon machin oswa lòt veyikil ki estasyone pandan peryòd chalè ekstrèm nan sezon ete a. Tanperati ki anndan yon veyikil ki fèmen kapab depase rapidman 140 degre Fahrenheit. Ekspozisyon nan tanperati ki wo konsa kapab touye ou nan kèk minit sèlman.

- Fè yon efò pou voye je sou vwazen ou yo, sitou si yo se granmoun, si yo gen timoun piti ouben gen bezwen espesyal.

- Asire'w ke gen manje ak dlo sifizan pou bèt domestik yo.

Depatman Sante Leta te kreye sou entènèt yon lis sant rafrechisman, kote moun ka ale pou ka rafrechi nan jou ki gen tanperati ekstrèm yo. Ou ka jwenn yon lis adrès ak nimewo telefòn sant rafrechisman yo ke depatman sante lokal ansanm ak biwo jesyon ijans yo nan chak rejyon yo te pibliye ki disponib isit la.

Wap jwenn plis enfòmasyon sou kijan pou rete ansekirite pandan peryòd gwo chalè, klike isit la ak la.

###